



APLIKASYON POU PWOJÈ AGRIKÒL KOMINOTÈ

Kote ki administre aplikasyon sa a se Parks & Rec nan bi pou rezidan yo jwenn aksè nan tè pak yo pou jadinaj, agrikilti, oswa lòt pwojè agrikòl.





APLIKASYON POU PWOJÈ AGRIKÒL KOMINOTÈ PAK AK LWAZI FILADÈLFI

Enfòmasyon Jeneral Pwogram lan

Farm Philly, ki te kreye an 2014, se pwogram agrikilti lavil Pak ak Lwazi Filadèlfi (Parks & Rec). Pwogram lan soutni plis pase 60 pwojè agrikilti lavil (pa egzanp, jaden kominotè, fèm, ak vèje) sou teren pak yo epi li patisipe yon fason aktif nan politik alimantè ak defans enterè Vil la. Kote ki administre aplikasyon sa a se Parks & Rec nan bi pou rezidan yo jwenn aksè nan tè pak yo pou jadinaj, agrikilti, oswa lòt pwojè agrikòl.

Misyon Pwogram lan

Farm Philly konekte moun Filadèlfi yo ak mond natirèl la epi li ofri posiblité pou aktivite fizik aksesib pandan l ap soutni pou kominote yo kontwole pwòp tèt ansanm ak souverènte yo pou yo kiltive pwòp manje yo. Pwogram lan soutni kapasite jadinè, agrikiltè, ak rezidan yo pou yo grandi nan espas ki nourri ak geri pwòp kominote yo. Farm Philly afime Nwa, Endijèn, Moun nan Majorite Global la (Black, Indigenous, People of the Global Majority, BIPGM), agrikiltè queer, transjennda, imigran, ak klas travayè k ap fè travay sa a. Nou kwè rasis, anti-Nwa, kilti sipremasi blan, seksis, eterosekis (omofobi), trans-antagonis, ajism, abilism, klasis, zenofobi, prejije relijye, ak tout lòt fòm opresyon yo ap se bagay ki nwi nou tout epi yo anpeche kominote yo jwenn aksè nan tè, kiltive manje, ak prezève tradisyon agrikòl yo. Objektif nou pou pwogram sa a se pou soutni kominote yo pou yo konsevwa ak dirije pwòp pwojè agrikòl yo, redistribiye resous yo ba kominote ki afekte avèk ensekirite alimantè ak depلاسman, epi asire distribisyon pwodui alimantè san paspouki sou tè piblik yo.

Atant Pwojè Agrikòl la

Nan chak etap nan kreyasyon ak antretyen yon pwojè agrikòl, Farm Philly chèche asire ke tout rezidan yo ladan epi yo tande tout vwa yo. Rezidan yo dwe bay priyorite pou sansibilizasyon ak kominikasyon klè ak transparan avèk vwazen ozalantou yo, avèk etap fasil pou angaje avèk espas la oswa patisipe nan jaden an. Antanke pwojè agrikòl sou tè pak piblik yo, lidè ak manm sit yo dwe pran angajman pou yo akeyi epi angaje toutespre tout moun nan espas la, kèlkeswa ras, gwoup etnik, orijin nasyonal, koulè po, sèks, prezantasyon jennda, oryantasyon seksyèl, laj, kapasite fizik oswa kapasite pou panse ak aprann, relijyon, oswa kwayans espirityèl.



Aplikasyon pou Pwojè Agrikòl Kominotè

Non Pwojè Jaden/Fèm/Agrikilti an: _____

Adrès Pwojè Jaden/Fèm/Agrikilti an: _____

(Si ou pa konnen adrès pwojè w la, dekri anplasman pwojè a avèk èd nimewo blòk la ak entèseksyon ki pi pre a.)

Non Kontak Prensipal la: _____

Imèl prensipal: _____

Nimewo Telefòn Prensipal: _____

Non Kontak Segondè: _____

Imèl Segondè: _____

Dezyèm Nimewo Telefòn: _____

Kòman w te fè tande pale de Farm Philly? _____

Tanpri seleksyone tip pwojè annapre la ki enterese w:

Remak: Tanpri gade nan seksyon **Kondisyon ak Definisyon Aplikasyon an** nan paj 4 aplikasyon sa a pou w jwenn definisyon tèm sa yo.

<input type="checkbox"/>	Jadinaj kominotè epi patisipasyon nan rezo jaden kominotè Farm Philly an
<input type="checkbox"/>	Lwe tè pou yon fèm/fèm kominotè/fèm ki pa pou pwofi (pa egzant, fèm legim, fèm flè, fèm pwodiksyon/konsèvasyon semans)
<input type="checkbox"/>	Lwe tè pou yon pwojè agrikòl (pa egzant, jaden fwi ak nwa, apikilti/elvaj abèy, elatriye)

Kòman yo itilize pwojè jaden/fèm/agrikilti w lan oswa espas ouvè a? Tcheke tout sa ki valab.

<input type="checkbox"/>	Kiltive manje nan moso teren apa
<input type="checkbox"/>	Kiltive manje nan kabann kominal oswa kolektif
<input type="checkbox"/>	Kiltive flè (pa egzant, jaden sosyal, fèm flè)
<input type="checkbox"/>	Kiltive plant pou semans
<input type="checkbox"/>	Kiltive plant ak prezève tè pou pratik ak tradisyon zansèt



<input type="checkbox"/>	Kiltive vèje fwi ak nwa
<input type="checkbox"/>	Ganinaj bèt (pa egzanp apikilti/elvaj abèy)
<input type="checkbox"/>	Espas pou aktivite sosyal, chita, oswa lòt aktivite
<input type="checkbox"/>	Lòt (tanpri fè lis tout aktivite yo): _____

Enfòmasyon pou Kontak: Responsab sit yo

Site omwen twa jiska senk lidè sit debaz la ki nan yon distans demi mil ak anplasman ki pwopoze pou jaden oswa fèm lan. Bay yon adrès imèl ak/oswa telefòn pou chak moun:

1. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
2. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
3. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
4. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
5. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____

Si ou gen plis pase senk lidè sit, tanpri lis non yo ak enfòmasyon pou kontakte yo anba a:

6. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
7. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
8. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____
9. Non: _____
Telefòn ak/oswa imèl: _____



Kondisyon ak Definisyon Aplikasyon an

Blòk adjasan: Nenpòt lari ki konekte dirèkteman avèk sit pwojè ki pwopoze a oswa anfas li.

Pwojè agrikòl: Kandida yo ka lwe tè nan Parks & Rec pou devlope yon pwojè agrikòl ki ka gen ladan, men se pa sa sèlman, jaden fwi ak nwa, apikilti kominotè, oswa yon modèl forè manje. Sepandan, piske pwojè a mande pou lwe yon pak bay yon moun, yon òganizasyon, oswa yon òganizasyon ki pa pou pwofi, kandida yo pran tout risk, responsablite, ak obligasyon ki asosye avèk tè a.

Pwojè agrikòl kominotè: Tèm sa a gen nan li tout pwojè pwodiksyon manje nan aplikasyon sa a, sa gen ladan jaden kominotè, fèm, fèm kominotè, fèm ki pa pou pwofi, epi pwojè agrikòl yo (gade definisyon ki anwo a).

Jaden kominotè: Jaden kominotè yo se espas piblik pataje, kote rezidan katye yo ansanm pran swen ak kiltive manje fre ak flè. Jaden ki nan Rezo Jaden Kominotè yo (Community Gardens Network) dwe jwenn pèmi pou tout amelyorasyon, bilding, evènman, elatriye anpasan pa Parks & Rec. Pwojè jaden kominotè yo pa oblije gen kontra lwaye nan Parks & Rec epi yo pral gen soutyen pa mwayen Rezo Jaden Kominotè yo (Community Gardens Network). Lòt pwojè ki egzije pou lwe tè yo pral oblije bay pwòp asirans pa yo epi ranpli lòt kritè ki eksplike anba a.

Jadinye kominotè yo: Jadinye kominotè yo se moun ki patisipe nan kiltive, antretni, ak pwogramasyon nan yon jaden kominotè. Selon estrikti nan jaden an, sa ka gen ladan rezidan afekte nan yon moso jaden, moun ki ede antretni zòn nan kominal jaden an, epi moun ki angaje epi soutni espas jaden an nan lòt fason. Pifò jadinye kominotè yo ak lidè sit yo dwe ap viv nan yon demi kilomèt distans ak jaden an, pou ankouraje rezidan yo kiltive manje nan katye yo a. Si sa pa posib, tanpri kontakte ekip Farm Philly an anvan ou kontinye avèk aplikasyon an ak sansibilizasyon an.

Rezo Jaden Kominotè (Community Gardens Network): Rezo Jaden Kominotè a (Community Gardens Network, CGN) ranfòse kominikasyon ak pataj konpetans ant jaden ki baze sou tè Parks & Rec yo, pandan y ap kreye yon pi gwo santiman kominote ak defans enterè. Pèsonèl Farm Philly an founi asistans teknik ak chemen pou resous depatmantal yo epi lòt resous vil la (pa egzanzp, konpòs, mulch, amelyorasyon kapital ki gen ladan kloti ak koneksyon dlo). Plis pase 450 jadinye lwe moso jaden epi kiltive manje pou fanmi yo epi/oswa distribye ba vwazen yo, nan estann fèm yo, oswa fè don nan distribisyon manje lokal yo. Kounye a, Rezo Jaden Kominotè a genyen 19 jaden ak operasyon ki sou direksyon kominote a/volontè ki te kreye espas ki bèl ak pwodiktif nan teren pak yo ki founi non sèlman nouriti, men tou, jadinaj lwazi ak yon espas rasanbleman sosyal pou rezidan ki ozalantou yo.

Petisyon pou sipò kominotè: Tout aplikasyon pou jaden kominotè yo dwe genyen yon petisyon pou sipò kominotè. Petisyon an pral sèvi pou evalye si gen sipò lokal pou pwøjè w lan. Kandida yo dwe jwenn sipò 65 pousan rezidan k ap viv nan blòk adjasan yo a.

Fèm/fèm kominotè/fèm ki pa pou pwofi: Kandida yo ka lwe tè nan Parks & Rec pou devlope yon fèm oswa yon fèm kominotè. Yon fèm se yon sèl moun oswa yon antite ki dirije l nan bi pou pwodiksyon oswa kòm yon biznis. Yon fèm kominotè dirije menm jan ak yon jaden kominotè. Li gen plizyè lidè sit ki jere fèm lan ansanm pou benefis ak/oswa edikasyon kominote a. Se yon òganizasyon ki pa pou pwofi ki lwe ak jere yon fèm ki pa pou pwofi nan bi pou fè edikasyon, pou angajman kominotè, oswa pou lòt benefis piblik. Pwøjè sa yo diferan ak yon jaden kominotè paske se bay yon moun, òganizasyon, oswa òganis ki pa pou pwofi ki lwe teren pak la ki pran tout risk, responsablite, ak obligasyon ki asosye avèk tè a.

Farm Philly: Farm Philly se pwogram agrikilti lavil la nan Parks & Rec. Se sèl pwogram minisipal ki dedye ak pwodiksyon alimantè onivo lokal epi ak edikasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Farm Philly, ale sou <https://www.phila.gov/programs/farmphilly/>.

Kontra lwaye: Yon kontra lwaye anjeneral bay lokatè a (pa egzanp, jadinya ak agrikiltè) dwa sou pwopriyete a pou yon peryòd tan ki fikse. Yon kontra lwaye bay lokatè a plis kontwòl sou itilizasyon espas la, men li dwe pran risk ak responsablite yo tou sou kont li. Parks & Rec redije kontra lwaye yo epi yo renouvlab anjeneral. Sepandan, kontra lwaye Parks & Rec yo ka anile si lokatè a pa respekte kondisyon ki nan kontra lwaye a. Si Parks & Rec ak lokatè a apwouve epi siyen yon kontra lwaye, lokatè a pral responsab tout frè operasyon yo, epi li pral gen pou li bay pwòp asirans pa l. Lokatè yo responsab tou pou jere, antretni, repare, ak amelyore tè a. Anplis, nenpòt tè ki lwe nan men Parks & Rec dwe gen yon benefis piblik.

Rezo Zanmi Pak la: Rezo Zanmi Pak (Park Friends Network, PFN) fòme ak 130 gwoup zanmi pak ke kominote a dirije ki ede pak piblik nan Filadèlfi yo. Gwoup kominotè sa yo enskri nan Parks & Rec chak ane epi yo travay ansanm pou rann pak nou yo yon espas piblik anime, atiran ak aktif ki ranfòse kominote nou yo. Gwoup zanmi pak yo òganize netwayaj ak jounen travay volontè, yo planifye evènman kominotè, yo ranmase lajan pou amelyorasyon, epi yo plede anfavè sistèm pak piblik Filadèlfi yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou rezo a, patisipe, oswa kreye pwòp gwoup zanmi pak ou (pa egzanp, Zanmi Hunting Park), ale sou <https://loveyourpark.org/park-friends-network>.

Pak ak Lwazi Filadèlfi: Pak ak Lwazi Filadèlfi (Parks & Rec) se depatman Vil la ki responsab jesyon gwo sistèm divès pak, sant lwazi, teren jwèt, santye, jaden kominotè ak pwopriyete istorik Filadèlfi yo. Depatman an sipèvize prèske 10,200 kawo tè, santye longè 66 mil, ak plis pase 300 pak katye, sant lwazi, ak teren jwèt. Depatman an jere tou twa sant edikasyon anviwòmantal; plis pase 600 teren bezbòl, softball, foutbòl ameriken, ak foutbòl; 74 pisin; plis pase 400 teren baskètbòl; plis pase 200 teren tenis; senk pis patinaj sou glas; senk teren gòlf; epi 25 sant enfòmasyon piblik. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Parks & Rec, ale sou <https://www.phila.gov/departments/philadelphia-parks-recreation/>.

PowerCorpsPHL: PowerCorpsPHL se yon pwogram aprantisaj ki sou jesyon EducationWorks ki bay patisipan yo edikasyon ki konekte avèk karyè ak eksperyans travay peye an kolaborasyon avèk AmeriCorps epi Vil Filadèlfi a. Chak manm sibi faz ki adapte pou yo presizeman (jiska 24 mwa), ki kreye pou anrichi lavi yo pa mwayen sèvis. PowerCorpsPHL enskri manm nan sèvis AmeriCorps a plen tan pou soutni priyorite devlopman mendèv Filadèlfi, jesyon anviwòmantal oswa prevansyon vyolans kay jèn yo. Farm Philly bay yon okazyon bous pou manm ki enterese nan agrikilti ak plantasyon lavil, epi li òganize jounen travay PowerCorps nan fèm ak jaden yo pou soutni pwojè konstriksyon yo (pa egzans, kabann soulve, bin konpòs, kloti), plante manje, rekòlte kilti, epi antretyen. Pou jwenn plis enfòmasyon sou PowerCorpsPHL, ale sou <https://powercorpsphl.org/>.

Avantaj Piblik: Pwojè agrikòl kominotè ki lwe yon pak dwe gen yon benefis piblik. Benefis piblik yo ta ka gen ladan òganizasyon evènman kominotè (babekyou kominotè, sware sinema, mizik nan jaden an, elatriye), kreyasyon yon jaden kominotè nan espas la, òganizasyon jou rekòt kominotè oswa distribisyon manje, oswa angaje ak benefisyè otreman kominote ki ozalantou yo (ki asosye avèk kontra lwaye yo).

Kabann Souleve: Kabann soulve yo gen nan yo tout tip jadinaj nan veso. Kabann jaden an dwe bati sou anlè tè ki deja egziste a, avèk nouvo tè yo pote nan ranpli kabann lan. Yo souvan konstwi kabann soulve yo apati bwa epi yo plen yo avèk tè vejetal epi konpòs.

Responsab sit yo: Chak jaden kominotè, fèm, oswa lòt pwojè agrikòl dwe genyen omwen twa jiska senk lidè sit ki abite nan katye a epi ki responsab fonksyonman jeneral pwojè jaden an oswa fèm lan. Lidè sa yo ka chanje ane apre ane, men dwe gen yon premye gwoup twa jiska senk lidè ki soumèt avèk aplikasyon an.

Tès Tè: Yon tès tè analize konpozisyon tè a. Li ka montre repatisyon eleman nitritif yo, nivo pH, epi idantifye kontaminan tankou metal lou.

Pwosesis Aplikasyon epi Dokiman Obligatwa yo

Objektif aplikasyon ki annapre la a se pou pèmèt kandida yo demontre kapasite yo ak angajman yo pou yo enplike kantite maksimòm manm kominote a epi jesyon alontèm pwojè agrikòl kominotè a.

Remak: Aplikasyon sa a se klèman pou rezidan ki vle fè jaden ak fèm sou tè ki nan envantè Pak ak Lwazi Filadèlfi (sa vle di, tè pak yo).

Kandida yo dwe respekte deskripsyon ki annapre la a epi soumèt tout dokiman nesèsè yo ki anba la a pou yo konsidere yo:

<input type="checkbox"/>	1. Ranpli enfòmasyon pou kontakte lidè sit yo (paj 3)
<input type="checkbox"/>	2. Soumèt eskann oswa foto yon petisyon pou sipò kominotè (paj 14)
<input type="checkbox"/>	3. Li aplikasyon an ak anpil atansyon epi mete inisyal yo nan kote ki endike a pou konfime kandida yo te li enfòmasyon yo epi dakò ak yo tout (paj 15)
<input type="checkbox"/>	4. Reponn kesyon ki sou aplikasyon an epi bay dokiman yo mande yo, sa gen ladan:
<input type="checkbox"/>	A. Yon desen sit jaden yo pwopoze a (paj 13)
<input type="checkbox"/>	B. Yon plan pou jesyon ak antretyen jaden (paj 10)

Kritè ak Pwosedi Evalyasyon

Tout aplikasyon yo dwe egzamine e apwouve pa:

- Ekip Farm Philly Parks & Rec
- Si jaden an sitiye nan yon sant lwazi, lidè lwazi an ak konsèy konsiltatif la dwe apwouve li tou

Yo evalye aplikasyon yo dapre kritè ki annapre la yo:

1. Si jaden an se itilizasyon apwopriye pou tè pak epi li pa an konfli avèk lòt gwoup itilizatè ki ka genyen yo. Lòt gwoup itilizatè yo ka gen ladan pwogram espò, pwogram apre lekòl ak kan dete, evènman yo otorize regilyèman (pa egzanp, piknik, reyinyon fanmi, fèt gradyasyon), epi lòt gwoup ki itilize espas la aktyèlman.
2. Kantite jadinya lokal ak sipòtè jaden ki enterese yo ki endike sou petisyon pou sipò kominotè a.
3. Repons naratif aplikasyon an.
4. Eksperyans ak kapasite lidè sit yo pou òganizasyon ak jesyon.



Naratif Aplikasyon an

Tanpri reponn tout kesyon yo konplètman:

1. Si sa aplikab, nan ki ane pwojè agrikòl la te kreye? _____
2. Poukisa katye w/kominote w lan vle pwojè agrikòl ki pwopoze a?
 - Tout pwojè agrikòl yo sitiye sou yon teren pak piblik, e pakonsekan yo dwe gen yon benefis piblik oswa yo dwe aksesib pou piblik la.
 - Si w ap **aplike pou yon pwojè jaden kominotè**, *tanpri eksplike kòman w ap respekte èdtan ouvèti piblik ak lis datant piblik ki nesèsè yo.*
 - Si w ap **aplike pou lwe tè pou yon pwojè agrikòl**, *tanpri eksplike benefis piblik pwojè w la. Tanpri gade nan [Machaswiv Pwojè Agrikòl yo](#) pou jwenn plis detay sou benefis piblik yo.*

3. Dekri enfòmasyon demografik ak lòt karakteristik zòn lan. Kòman w ap asire espas la aksesib pou tout manm kominote a? Tanpri mete repons pou sa ki annapre la yo:
 - *Kòman ou pral asire jaden, fèm, vèje w lan, elatriye divès sou plan rasyal ak ekonomik?*

- *Kòman ou pral angaje rezidan ki pale lang diferan? Èske w bezwen èd pou w rann sa posib (pa egzanp, èd tradiksyon pou reyinyon kominotè, depliyon, pano, elatriye)?*



- *Ki plan ou genyen pou w rann espas sa a aksesib pou kominote andikap fizik ak andikap newolojik yo? Èske w bezwen èd pou w rann sa posib (pa egzanp, kabann jaden souleve/ekstra wo pou jadinye ki pa ka bese atè, chemen nan jaden an ki gen omwen 36 pous lajè)? Fè plis lekti sou plan jaden aksesib yo [isi a](#).*

- *Èske w gen entansyon kreye espas pou moun rasanble epi chita?*
- *Èske w gen plan pou gen yon espas jadinaj pou jèn oswa fè jèn yo patisipe nan lòt fason?*

4. Dekri kòman ou te rekrute ak enplike manm kominote w la pou ranpli aplikasyon sa a.
- *Kòman ou te detèmine oswa evalye enterè kominote a (pa egzanp, depliyon, reyinyon kominotè)?*
 - *Ki patenarya ou te devlope (pa egzanp, legliz lokal yo, pals adorasyon, òganizasyon ki pa pou pwofi, òganizasyon jèn, biznis yo) epi kòman yo pral soutni pwojè a?*

5. Dekri plan pou jesyon ak antretyen ou genyen, epi endike diferan wòl ak responsablite chak lidè sit pral ranpli. Tanpri se pou w bay repons ki konplè paske sa ede Farm Philly evalye kapasite w pou w antretni sit la.

- *Kòman ou pral reyaji si yo vyole machaswiv jaden an?*

- *Kòman pwojè a pral estriktire pou opere sou yon dire long?*
- *Kòman ou pral rekrite epi fòme nouvo manm ak lidè sit pou kenbe angajman ak sipò pandan ane yo?*

- *Kòman gwoup la pral soutni sou plan finansye pou kouvri depans pèmanan yo (pa egzanp, frè abònman kòm manm, evènman pou kòlèk lajan, don ki soti nan òganizasyon lokal ki pa pou pwofi yo epi òganizasyon kominotè yo)?*

- *Kòman ou pral antretni zòn kominal yo?*
- *Kòman ou pral fè fas avèk vòl ak vandalis nan sit la?*

6. Li enpòtan pou gen gouvènans ak lidèchip nan jaden, fèm, vèje an, elatriye. Lè w bay tout moun yon wòl pou yo jwe, sa ka ede pou akò kominote a, pwotokòl, ak responsablite yo. Nou sijere ak tout fòs pou w kreye règleman entèn, machaswiv pou kominote a, epi règ debaz pou pwojè w la. Si w gen règleman entèn oswa fòm òganizasyon/gouvènans kolektif ki egziste deja, tanpri tache yon kopi, sinon, redije yo anba a.

7. Èske gen nenpòt lòt konpetans, ekspètiz, resous oumenm ak gwoup lidèchip ou ka pote nan pwojè a (pa egzanp, konpetans nan konstriksyon, animasyon kominotè, gadri pwofesyonèl, eksperyans nan jadinaj oswa agrikilti, pwopriyetè kamyon, pwopriyetè biznis)?

8. **Nou ankouraje ak tout fòs pou tout kandida yo enskri nan klas [Garden Tenders Horticultural Society](#) Pennsilvani an.** Èske youn nan lidè sit yo pral asiste?

<input type="checkbox"/> Wi, yon moun pral prezan.	<input type="checkbox"/> Non, pèsonn p ap prezan.
--	---

Konsepsyon Sit

Pou yo kapab apwouve yon aplikasyon, Parks & Rec egzije pou gen yon konpreyansyon anpwofondè plan ou pou sit la. Tanpri mete tout kantite enfòmasyon jan ou kapab sou pwojè agrikòl ou an.

1. Tanpri tache yon deskripsyon detaye plan pou sit la. Sa gen ladan men se pa sa sèlman:

- Gwosè apeprè pwojè jaden/fèm/agrikilti a
 - (pa egzanp, “Gwosè jaden mwen an aktyèlman se 20 × 20 pye (400 pye kare).”
- Kantite kabann jaden oswa ranje fèm, moso teren endividyèl ak/oswa moso teren kominal
- Kalite kabann oswa ranje plantasyon: kabann oswa ranje soulve (ki fèt apati bwa/materyèl resikle) oswa ki plante dirèkteman nan tè a
- Anplasan ak solisyon pou dlo (pa egzanp, wobièt, sistèm kaptaj dlo lapli)
- Anplasan pou tè, mulch, ak lòt materyo (pa egzanp, materyèl konstriksyon ak kilti)
- Anplasan pou kloti (toutotou perimèt sit la ak andedan perimèt la)
- Zòn pou konpostaj, sa gen ladan estokaj konpòs (si sa aplikab)
- Zòn pou pwodui ki pa manje, sa gen ladan, men se pa sa sèlman, zòn pwodiksyon semans, zòn kilti ti plant, oswa zòn kilti flè
- Zòn rasanbleman kominotè oswa espas sosyal
- Nenpòt lòt karakteristik sit, sa gen ladan men se pa sa sèlman, twalèt yo, estasyon pou lavaj oswa transfòmasyon manje, frijidè, zòn pou kenbe bèt (pa egzanp, apikilti/elvaj abèy), akwaponi (entegrasyon elvaj pwason ak agrikilti)
- Aksè nan jaden an (pòtay avèk kle oswa seri konbinezon, oswa san kloti/pòtay)
- **Mete yon desen** ki montre aranjman fizik sit la: perimèt jaden an, aranjman kabann jaden yo, zòn vèje, zòn kabann polinizatè, chemen antre yo, sous dlo, bin konpòs, ak nenpòt estrikti oswa kloti ki pwopoze.
 - Se kapab yon desen alamen oswa yon desen sou konpitè, tankou yon foto ekran apati Google Maps ki make avèk lojisyèl modifikasyon foto sou konpitè w
 - Men yon egzanp nan Jaden Kominotè Teren Jwèt Pleasant:



Fence at Fisher Park Olney

Fence & Gate
5-6ft high fence similar to Fisher Park Olney (115ft. x 75ft.) w/ two gates (12ft for vehicles & 6 ft for pedestrians)

Tool Shed & Wheelbarrow Storage
Simple wooden structures max height 6ft.

Beds (need input from seniors)
- 4ft x 8ft x 1ft hi (typical) & 2ft x 8ft x 3ft hi (wheel chair accessible)

Compost
Compost bins for recycling vegetable and plant waste. Fabricated from wooden pallets.

Water (2-3 locations)

Rest Area
Bonded rubber surface and portable tables/ chairs

PLEASANT PLAYGROUND COMMUNITY GARDEN AND LEARNING CENTER
20 May 2019

Scale: 1/16"=1'0"



2. Èske w planifye pou kiltive kabann souleve?

<input type="checkbox"/>	Wi, nou planifye pou kiltive kabann souleve.	<input type="checkbox"/>	Non, nou pa planifye pou kiltive kabann souleve.
--------------------------	--	--------------------------	--

- Nou ankouraje pwodiktè yo ak tout fòs pou yo li dokiman Oryantasyon sou Sekirite Tè Konsèy Konsiltatif Politik Alimantè Filadèlfi a:
 - [Gid “Kiltive San Danje nan Tè Lavil nan Filadèlfi” a](#)
 - <https://phillyfpac.org/soil-safety-and-urban-gardening-report/>
- Pifò Filadèlfi gen tè kontamine apati ansyen sit endistriyèl yo. Nou rekòmande pou kiltive nan kabann souleve avèk nouvo tè ak konpòs, olye pou kiltive dirèkteman nan tè a. **Si w ap planifye pou w kiltive dirèkteman nan tè a, tanpri ekri yon eksplikasyon an detay sou plan w genyen pou kiltive san danje:**

Pratik Jadinaj ak Agrikilti Òganik

Èske tout manm ou yo angaje nan pratik jadinaj ak agrikilti òganik? **Ou dwe jwenn apwobasyon Farm Philly anvan w itilize kèlkeswa jesyon ensèk nuizib oswa maladi ki pa endike nan atik Sosyete Òtikòl Pennsilvani an (Pennsylvania Horticultural Society, PHS) ki anba a.**

- **Itilizasyon pratik kilti òganik:** Pa sèvi ak pestisid, èbisid, oswa angrè chimik sentetik. Alapas, konsantre sou prevansyon, grasa kreyasyon tè ak espas jaden an sante epi nan itilizasyon teknik altènatif pou jesyon ensèk nuizib ak maladi yo.
- **Devlope tè ki an sante:** Sèvi ak teknik tankou kilti kouvèti, konpòs, ak mulch natirèl.
- **Soutni ekosistèm jaden an:** Kreye kabann jaden polinizatè pou atire ensèk benefik ki ka ede pou kontwòl ensèk nuizib yo.
- **Fè plis** lekti sou tè ki an sante, ekosistèm, ak prevansyon nan [atik sa a](#) Pennsylvania Horticultural Society ekri.

Tanpri mete inisyal ou anba a pou konfime w dakò avèk pratik sa a:

Wi, tout manm yo <u>pran</u> angajman pou pratik jadinaj òganik. _____	Non, tout manm yo <u>pa pran</u> angajman pou pratik jadinaj òganik. _____
---	---

Petisyon pou Sipò Kominotè

Parks & Rec dwe evalye si gen sipò kominote lokal pou pwojè ou an, pa mwayen petisyon ak/oswa lèt sipò nan men òganizasyon debaz yo. Jaden kominotè yo oblije ranpli Petisyon pou Sipò Kominotè ki anba a. Pwojè ki lwe yo ka itilize lòt fòm dokiman ki montre sipò pou pwojè a.

Pou kreye yon nouvo pwojè agrikòl sou tè Parks & Rec yo, kandida jaden kominotè yo dwe jwenn sipò nan men 65 pousan rezidan k ap viv nan blòk adjasan yo. Kandida jaden kominotè yo dwe itilize fòm sa a pou rasanble siyati epi verifye sipò kominote a. Kandida yo ka enprime kopi sipleman tè petisyon sa a si yo bezwen espas anplis.

Klike sou lyen sa a pou w monte sou [petisyon an](#).



Egzamen Dokiman Sipleman tèt yo

Tanpri mete inisyal ou sou chak liy pou w aksepte deklarasyon an:

1. _____ Mwen te li, konprann, epi mwen aksepte doliman [Wòl ak Responsablite](#)
a.
2. _____ Mwen te li, konprann, epi mwen aksepte **Deklarasyon Vizyon Pwogram Farm Philly** ki nan aplikasyon sa a.
3. _____ Mwen te li, konprann epi mwen aksepte dokiman [Machaswiv Pwojè Agrikòl](#) la.
4. _____ Mwen te li, konprann, epi mwen aksepte dokiman [Rezolisyon Konfli](#)
a.

Soumèt Aplikasyon yo

Ou ka soumèt aplikasyon an ak tout dokiman egzijib yo nan youn nan fason ki annapre la yo:

- *Imèl yon fichye Word.doc, Word.docx, oswa PDF bay FarmPhilly@Phila.gov*
 - Tit dokiman elektwonik la dwe gen nan li non pak la ak/oswa enstalasyon lwazi an epi ekspresyon "Community Agriculture Project Application (Aplikasyon pou Pwojè Agrikòl Kominotè)"
 - Liy sijè imèl la dwe swiv menm fòm a
 - Egzanp: MaxMyers_CommunityAgricultureProjectApplication
- *Voye pa lapòs oswa livre men nan men bay:*
 - Farm Philly/Office of Agriculture
Philadelphia Parks & Recreation
1515 Arch Street, 10th Floor
Philadelphia, PA 19102-1587





MACHASWIV POU PWOJÈ AGRIKÒL YO

Machaswiv ki annapre la yo esplike sa yo atann de patisipan yo nan pwojè a lè y ap itilize tè pak yo pou yon pwojè agrikilti kominotè. Gen machaswiv anplis nan dokiman sa a pou jaden kominotè yo ak pwojè tè ki lwe yo.





MACHASWIV PWOJÈ AGRIKÒL PAK AK LWAZI FILADÉLFI

- 1) **Jesyon sit:** Lidè sit ak patisipan yo responsab antretyen pèmanan ak regilye espas pwojè a. Sa gen ladann kabann jaden yo, ranje fèm yo, chemen yo, zòn vèje, zòn konpostaj, ak zòn kominal oswa sosyal yo.
- 2) **Jesyon move zèb, ensèk nuizib ak maladi:** Tout jesyon move zèb, ensèk nuizib ak maladi yo dwe fèt nan fason òganik. Ekip Filadèlfi Pak ak Lwazi (Parks & Rec) Farm Philly an dwe apwouve itilizasyon kèlkeswa pestisid òganik. Sa vle di:
 - a) Patisipan yo **pa** pral sèvi ak èbisid pou kontwòle move zèb sof si Parks & Rec te apwouve sa davans. Èbisid abaz Glyphosate oswa pwodui ki gen glyphosate nan yo (pa egzanp, Roundup Monsanto) **pa** otorize.
 - b) Patisipan yo pral itilize sèlman metòd òganik pou kontwòl ensèk nuizib; pestisid inòganik yo pa otorize.
 - c) Patisipan yo **pa** otorize itilize pwodui chimik inòganik, fonjisid, oswa bakterisid nan lokal yo pou jesyon maladi.
 - d) Fè plis lekti sou eleman debaz yo nan jadinaj òganik nan [atik sa a](https://phsonline.org/uploads/attachments/ckpipuc697ciyi3ra82fzlo2n-2021fs-organic-gardening-basics-batch5.pdf) Pennsylvania Horticultural Society ekri:
<https://phsonline.org/uploads/attachments/ckpipuc697ciyi3ra82fzlo2n-2021fs-organic-gardening-basics-batch5.pdf>
- 3) **Amelyorasyon sit:** Nenpòt estrikti (pa egzanp, abri zouti, bin konpòs, barik lapli, elatriye), travay plonbri, oswa lòt gwo pwojè konstriksyon dwe pase pa pwosesis pèmi ak asirans Parks & Rec. Si w ap planifye pou mete nenpòt nan sa yo nan *Aplikasyon pou Pwojè Agrikòl Kominotè w lan*, tanpri fè sa nan seksyon “Konsepsyon Sit” la. Si w ap planifye amelyorasyon alavni, tanpri kontakte Farm Philly pou jwenn apwobasyon ak konsèy.
- 4) **Fatra ak resiklaj:** Sit yo dwe rete san fatra. Lidè sit yo pral kominike avèk Farm Philly si yo bezwen sipò pou ranmasaj fatra oswa resiklaj. Si w planifye pou w enstale yon sistèm konpostaj, konsepsyon an dwe soumèt bay Farm Philly pou apwobasyon.
- 5) **Angajman ak sipò nan kominote a:** Farm Philly atann pou lidè sit yo ak patisipan yo jere yomenm pwosesis pou devlope ak antretni relasyon kominotè anrapò ak pwojè agrikòl la. Lidèchip sit la pral



gen pou ensite enterè ak sipò pou pwojè yo a nan men vwazen yo, rezidan lokal yo, epi òganizasyon kominotè yo. Li esansyèl pou yo entegre nan pwosesis la yon lis patisipan ki toujou ap elaji, depi nan premye etap yo. Farm Philly konprann siksè yon pwojè depann anpil sou antretyen ak swen pèmanan nan men vwazen ak volontè nan katye a.

Enfòmasyon Siplemanntè pou Pwojè Jaden Kominotè yo:

- Lè ouvèti pou piblik la:** Tout pwojè agrikòl yo sitiye sou yon teren pak piblik, e pakonsekan yo dwe gen yon benefis piblik oswa yo dwe aksesib pou piblik la. Jaden kominotè yo prezizeman dwe louvri pou piblik la omwen 10-20 èdtan pa semèn, pandan sezon jaden an. Depreferans, sit la ap afiche èdtan ouvèti chak semèn yo, pa egzanp, Samdi soti 9:00 a.m. rive 1:00 p.m., epi rès èdtan piblik yo ta ka nenpòt lè nan lè jadinnye yo prezan epi yo ka fè louvri pòtay yo, oswa yo kapab bay vizit yo a rezidan ak manm kominote a ki enterese.
- Lis datant piblik:** Tout jaden yo dwe gen yon pwosesis ouvè ak transparan pou vwazen ak rezidan yo patisipe nan jaden an. Sa fèt souvan pa mwayen yon lis datant ki afiche nan jaden an oswa ki disponib sou entènèt. Tanpri soumèt plan ou genyen pou swiv manm jaden ki enterese yo ak fason ou pral fè pwosesis la klè pou piblik la nan seksyon “Aplikasyon Naratif” la nan *Aplikasyon Pwojè Agrikòl Kominotè a.*
- Evènman yo:** Nenpòt evènman jaden an òganize pou rezidan yo ak manm kominote a dwe apwouve nan Farm Philly, epi si sa nesèsè yo pral gen pou yo pase pa pwosesis pou pèmi [Rezo Zanmi Pak yo](#). Sa gen ladan, men se pa sa sèlman, babekyou kominotè, sware sinema, mizik andirèk, demonstrasyon pou kwit manje, elatriye. Tanpri konnen mache fèmeye yo gen yon pwosesis pèmi separe. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Farm Philly.
- Rezo Jaden Kominotè ak Rezo Zanmi Pak yo:** Tout kandida jaden kominotè ki apwouve yo pral fè pati Rezo Jaden Kominotè Farm Philly (CGN). CGN resevwa asistans teknik ak lòt resous depatmantal yo anpasan pa Farm Philly, (pa egzanp, konpòs, mulch, kloti, koneksyon dlo). Jaden kominotè yo ka aplike tou pou yo fè pati [Rezo Zanmi Pak yo](#), ki gen nan li 130 gwoup zanmi pak ak jaden kominote a dirije ki ede jere pak piblik ak espas jaden nan Filadèlfi yo. Gwoup zanmi pak yo òganize netwayaj ak jounen travay volontè, yo planifye evènman kominotè, yo ede ranmase lajan pou amelyorasyon, yo plede anfavè sistèm pak piblik Filadèlfi yo, epi yo kalifye pou ti sibvansyon.

Lòt Enfòmasyon Anplis pou Pwojè Tè ki Lwe yo

1. **Avantaj Piblik:** Tout pwojè agrikòl yo sitiye sou yon teren pak piblik, e pakonsekan yo dwe gen yon benefis piblik, oswa yo dwe aksesib pou piblik la. Pwojè Agrikòl Kominotè yo ki lwe yon teren pak dwe gen yon benefis piblik. Sa ka gen ladan, men se pa sa sèlman:
 - a. Ofri pwogram piblik (pa egzanp, pwogram apre lekòl ak pwogram dete pou jèn, klas èbalis oswa medikaman natirèl, estaj oswa bous, elatriye.)
 - b. Òganizasyon evènman kominotè (pa egzanp, evènman konsèvasyon semans oswa echanj semans, atelye sou patrimwàn kiltirèl, seremoni kiltirèl, atelye agrikilti, babekyou kominotè, sware sinema, festival mizik oswa byennèt, elatriye)
 - c. Kreye yon jaden kominotè nan espas la
 - d. Òganizasyon jou rekòt kominote a
 - e. Sèvi kòm yon sit pou distribisyon manje
 - f. Tanpri soumèt plan ou genyen yo pou mete an plas yon benefis piblik nan seksyon “Naratif Aplikasyon” nan Aplikasyon pou Pwojè Agrikòl Kominotè a.
2. **Egzijans operasyonèl:** Lokatè yo responsab antretyen pèmanan ak regilye espas pwojè a. Sa gen ladann kabann jaden yo, ranje fèm yo, chemen yo, zòn vèje yo, epi zòn kominal oswa sosyal yo. Y ap lwe sit la “jan li ye” epi lokatè a responsab pou jere, antretni, repare, ak amelyore sit la. Lokatè a responsab pou teste tè a anvan li kòmanse yon pwojè agrikòl.
3. **Frè fonksyonman:** Lokatè a pral responsab pou peye nenpòt frè operasyon pou sit la. Sa gen ladann peye pou sèvis piblik epi koneksyon nan sèvis piblik yo si yo pa antann yo otreman ak Pak ak Lwazi Filadèlfi.
4. **Asirans:** Lokatè a oblije bay asirans ki kouvri sit la limenm, epi aktivite lokatè a anrapò avèk kontra lwaye sa a. Sa gen ladann asirans responsablite jeneral, konpansasyon travayè ak responsablite anplwayè, responsablite otomobil komèsyal, ak asirans responsablite sivil jeneral.
5. **Peryòd:** Selon sikonstans yo, yon kontra lwaye pral odepa ant yon ane ak 15 ane, ak posiblite pou renouvèlman.
6. **Lwaye:** Lwaye debaz pou sit la pral yon dola pa ane epi li pral peyab oplita Dat Konmansman kontra lwaye a oswa avan dat sa. Sa ta kapab chanje selon pwojè a.





PETISYON POU SIPÒ KOMINOTÈ

Parks & Rec dwe evalye si gen sipò kominote lokal la pou pwojè ou an, pa mwayen petisyon vwazen ki toupre yo ranpli epi/oswa lèt sipò nan men òganizasyon debaz yo. Jaden kominotè yo oblije ranpli Petisyon pou Sipò Kominotè a.

Pwojè ki lwe yo ka itilize lòt fòm dokiman ki montre sipò pou pwojè a.

Pou kreye yon nouvo pwojè agrikòl sou tè Parks & Rec yo, kandida jaden kominotè yo dwe jwenn sipò (sètadi, siyati) nan men 65 pousan nan rezidan yo k ap viv nan blòk yo ki akote oswa ki antoure jaden an. Kandida jaden kominotè yo dwe itilize fòm sa a pou rasanble siyati epi verifye sipò kominote a. Kandida yo ka enprime kopi siplemanntè petisyon sa a si yo bezwen espas anplis.





**PHILADELPHIA
PARKS & RECREATION**

Pak ak Lwazi Filadèlfi: Farm Philly

One Parkway - 10yèm Etaj
1515 Arch Street
Philadelphia, PA 19102

Kontakte Farm Philly:

Imèl: FarmPhilly@Phila.gov

Petisyon pou Sipò Kominotè – Aplikasyon pou Jaden Kominotè

Lè m siyen fòm sa a, Mwen konfime mwen te gen yon konvèsasyon avèk _____(non responsab sit la) konsènan the aplikasyon pou kreye yon jaden kominotè nan katye nou an. Lè m siyen, mwen deklare ke mwen bay sipò pou kreyasyon yon jaden ko minotè nan katye nou an nan _____(non ak/oswa adrès pak oswa sant lwazi a).

Ekri Non an ak lèt detache	Inisyal	Adrès ak Zip Kòd	Enfòmasyon pou Kontak (pa egzanp, imèl oswa telefòn)	Enterese nan yon teren pou jaden (W/N)



**PHILADELPHIA
PARKS & RECREATION**

Ekri Non an ak lèt detache	Inisyal	Adrès	Enfòmasyon pou Kontak (pa egzanp, imèl oswa telefòn)	Enterese nan yon teren pou jaden (W/ N)





WÒL YO AK RESPONSABLITE YO

Dokiman ki annapre a detaye wòl ak responsablite Lidè Sit yo, Jadinye Kominotè yo, Fèmye, Manm Pwojè yo, Estaf Farm Philly ak Estaf Jesyon Parks & Rec lan.





WÒL AK RESPONSABLITE PAK AK LWAZI FILADÈLFI

Jaden ak Fèm Kominotè yo (Community Gardens and Farms)

Jaden ak fèm kominotè yo ki sitiye sou teren Pak ak Lwazi Filadèlfi yo (Parks & Rec) yo jere nan kad patenarya ant antite ki pral site la yo:

1. Responsab sit yo
2. Jadinye/fèmye kominotè yo (pa egzanp, jadinye, fèmye, patisipan pwojè yo, volontè yo, elatriye)
3. Estaf Farm Philly
4. Rezo Zanmi Pak la

1. **Responsab Sit yo:** Ekip òganizatè jaden yo ki angaje yo nan sansibilizasyon kominotè, kowòdone, epi jere antretyen jeneral sit la, epi yo kominike avèk tout jadinye, volontè, ak patisipan yo, epitou avèk Farm Philly ak Rezon Zanmi Pak la (Park Friends Network). *Remak:* Yon ekip ki gen twa a senk responsab nesèsè pou kòmanse yon pwojè jaden kominotè.

Lidè sit yo responsab sa ki pral site la yo:

- Anrejistre jaden an chak ane nan Rezo Zanmi Pak la (Park Friends Network), epi fè mizajou enfòmasyon nesèsè sou jaden an.
- Oryante nouvo jadinye yo.
- Angaje avèk vwazen yo epi kominike sou lè ak evènman jaden piblik yo.
- Kenbe lis datant jaden an oswa lòt chemen pou rejwenn jaden an.
- Swiv machaswiv pou rezolisyon konfli yo pou rezoud diskisyon andedan jaden an.
- Soumèt tout demann konsènan jaden an bay estaf apwopriye Farm Philly an.
- Sipèvizite jounen travay volontè yo, epitou kowòdone ak nenpòt lidè jounen travay deziyen yo.
- Kowòdone swen ak antretyen zòn kominal yo (pa egzanp, chemen, fwontyè, konpòs, kabann kontinyèl, vèje, abri zouti, sistèm dlo, elatriye).
- Siveye antretyen moso jaden an epi asire ke jadinye yo respekte machaswiv yo.

2. **Jadinye kominotè yo:** Jadinye aktif, manm kominote a, oswa volontè ki sèvi ak espas jaden an.

Jadinye kominotè yo responsab sa ki pral site la yo:

- Plante, sekle move zèb, wouze, ak rekòlte teren yo(a). *Remak:* Tout plante ak antretyen yo dwe fè òganikman.
- Kontribye nan èdtan volontè (jan òganizatè jaden yo endike) pou jounen travay jaden yo.
- Antretni chemen yo ak lòt espas kominal yo.
- Antretni ekipman pataje yo.
- Respekte règleman entèn jaden kominotè yo, akò kominotè yo, oswa nenpòt fòm oto-gouvènans devlope pa mwayen manm jaden kolektif.
- Soutni lòt manm jaden yo lè gen yon bezwen pou swen kolektif.

3. Farm Philly ak Rezo Jaden Kominotè (Community Gardens Network): Farm Philly se pwogram agrikilti lavil la nan Pak ak Lwazi Filadèlfi. Pwogram lan konsantre sou pwogram kominotè yo, politik jistis pou manje ak latè, epi inisyativ planifikasyon yo (pa egzanp, Plan Agrikilti Lavil nan Filadèlfi). Tout kandida jaden kominotè ki apwouve yo pral fè pati Rezo Jaden Kominotè (Community Gardens Network, CGN) Farm Philly. Nan pwogram lan, estaf Farm Philly an bay asistans teknik ak chemen pou lòt resous depatmantal yo (pa egzanp, konpòs, mòlch, kloti, ak koneksyon dlo). Plis pase 450 jadinye lwe moso jaden epi kiltive manje pou fanmi yo epi/oswa pou distribisyon ba vwazen yo ak pou estann fèm yo, oswa pou fè don nan distribisyon manje lokal yo.

Estaf Farm Philly an responsab sa ki pral site la yo:

- Kenbe ak lidè sit jaden yo yon kominikasyon ki fèt nan bon moman epi ki itil.
- Bay resous, sa gen ladan men pa sèlman, konpòs, mòlch, ak livrezon retay bwa.
- Bay asistans teknik (pa egzanp, metòd kwasans, pwoblèm enfracstrikti, rezolisyon konfli, ak pwosesis responsabilite).
- Kowòdone jounen travay volontè yo avèk PowerCorpsPHL jan sa nesèsè pou ede nan pwojè tankou konstriksyon kabann jaden yo, konstriksyon bak konpòs, ak enstalasyon kloti.
- Reponn ak ijans tankou inondasyon danjere, pyebwa ki tonbe, oswa destriksyon resous yo.
- Kowòdone avèk Parks & Rec pou zafè legal yo, sa gen ladan men pa sèlman, pèmi pou konstriksyon, pèmi pou evènman, oswa pwoblèm responsablite.

4. Rezo Zanmi Pak la: Rezo [Zanmi Pak \(Park Friends Network\)](#) la fòme ak 130 gwoup zanmi pak ak jaden ke kominote a dirije ki ede jere espas pak ak jaden piblik yo nan Filadèlfi (pa egzanp, Zanmi Hunting Park). **Rezo Zanmi Pak la (Park Friends Network)** jere pa mwayen yon patenarya ant Pak ak Lwazi Filadèlfi (Philadelphia Parks and Recreation) epi Konsèvasyon Pak Fairmount (Fairmount Park Conservancy). *Remak:* Jaden Kominotè nan Farm Philly yo kapab aplike pou fè pati rezo sa a.

Rezo Zanmi Pak la (Park Friends Network) responsab sa ki pral site la yo:

- Akòde posiblite sibvansyon pou jaden kominotè yo òganize evènman kominotè, sansibilizasyon piblik, oswa sware sinema.
- Bay sipò pou fè kòlèk lajan pou amelyorasyon.
- Òganize netwayaj pak yo ak jounen travay volontè yo.
- Patisipe nan evènman netwayaj anyèl otòn ak prentan “Love Your Park (Renmen Pak Ou)” yo.
- Ofri atelye ak panèl chak ane pou soutni kwasans lidèchip jaden an.
- Kowòdone vizit nan jaden ak lòt evènman pou manm yo konekte avèk lòt sit yo nan Rezo Jaden Kominotè a (Community Gardens Network).

Teren Lwe

Pwojè agrikilti ki lwe teren Pak ak Lwazi Filadèlfi yo jere nan kad patenarya ant antite ki anba la yo:

1. Responsab sit yo
2. Manm pwojè yo (pa egzanp, fèmeye yo, patisipan pwojè yo, volontè, elatriye)
3. Estaf Farm Philly

1. Responsab sit yo: Ekip òganizatè pwojè yo ki angaje yo nan sansibilizasyon kominotè, kowòdone, epi jere antretyen jeneral sit la, epi yo kominike avèk tout manm pwojè yo, volontè, ak patisipan yo, epitou avèk estaf Farm Philly an. *Remak:* Yon ekip ki gen twa a senk responsab sit nesèsè pou kòmanse yon pwojè jaden kominotè.

Lidè sit yo responsab sa ki pral site la yo:

- Angaje avèk vwazen yo epi kominike sou lè ak evènman jaden piblik yo.
- Oryante nouvo manm pwojè yo.
- Kowòdone swen ak antretyen zòn kominal yo (pa egzanp, chemen, fwontye, konpòs, kabann kontinyèl, vèje, abri zouti, sistèm dlo, elatriye).
- Soumèt tout demann konsènan pwojè agrikilti bay estaf apwopriye Farm Philly an.

- Sipèvize jounen travay volontè yo, epitou kowòdone ak nenpòt lidè jounen travay deziyen yo.
- Siveye antretyen sit la epi asire ke patisipan yo respekte machaswiv yo.
- Swiv machaswiv pou rezolisyon konfli yo pou rezoud diskisyon andedan jaden an.

2. Manm pwojè yo: Patisipan aktif, manm kominote a, oswa volontè ki sèvi ak espas jaden an.

Manm pwojè yo responsab sa ki pral site la yo:

- Plante, sekle move zèb, wouze, rekòlte, taye, epi antretni zòn pwojè agrikilti a. *Remak:* Tout plante ak antretyen yo dwe fè òganikman.
- Kontribye nan èdtan volontè (jan òganizatè sit yo endike) pou jounen travay yo.
- Antretni chemen yo ak lòt espas kominal yo.
- Antretni ekipman pataje yo.
- Respekte règleman entèn kominote a, akò kominotè yo, oswa nenpòt fòm oto-gouvènans devlope pa mwayen manm pwojè kolektif.
- Soutni lòt manm yo lè gen yon bezwen pou sipò oswa swen kolektif.

3. Farm Philly: Farm Philly se pwogram agrikilti lavil la nan Pak ak Lwazi Filadèlfi. Pwogram lan konsantre sou pwogram kominotè yo, politik jistis pou manje ak latè, epi inisyativ planifikasyon yo (pa egzanp, Plan Agrikilti Lavil nan Filadèlfi). Tout pwojè agrikilti ki apwouve sou teren ki lwe yo ap gen aksè nan resous pwogram Farm Philly (pa egzanp, konpòs, mòlch, kloti, koneksyon dlo) ak pèsonèl pou asistans teknik.

Estaf Farm Philly an responsab sa ki pral site la yo:

- Kenbe avèk lidè sit yo yon kominikasyon ki fèt nan bon moman epi ki itil.
- Bay resous materyèl, sa gen ladan men pa sèlman, konpòs, mòlch, ak livrezon retay bwa.
- Bay asistans teknik ak sipò (pa egzanp, metòd kwasans, pwoblèm enfrastrikti, rezolisyon konfli, ak pwosesis responsabilite).
- Kowòdone jounen travay volontè yo avèk PowerCorpsPHL jan sa nesèsè pou ede nan pwojè tankou konstriksyon kabann jaden yo, konstriksyon bak konpòs, ak enstalasyon kloti.
- Reponn ak ijans tankou inondasyon danjere, pyebwa ki tonbe, oswa destriksyon resous yo.
- Kowòdone avèk Parks & Rec pou zafè legal yo, sa gen ladan men pa sèlman, pèmi pou konstriksyon, pèmi pou evènman, oswa pwoblèm responsablite.



MACHASWIV POU REZOLISYON KONFLI

Lidè sit yo ak manm pwojè yo gen responsablite siveye aksyon ak aktivite pwojè jaden oswa fèm lan anjeneral. Dokiman oryantasyon annapre a se yon resous ki kreye pou ede patisipan pwojè yo kreye pwosesis transparan pou itilize lè vin gen konfli epi pou yo kapab transparan sou fason yo rezoud konfli oswa plent yo.





MACHASWIV REZOLISYON KONFLI PAK AK LWAZI FILADÈLFI

Lidè sit yo ak manm pwojè yo gen responsablite siveye aksyon ak aktivite gwoup la anjeneral. Manm jaden yo responsab tou pou respekte prensip fondamantal Farm Philly ak [Rezo Zanmi Pak yo](#).

Ap gen konfli ak opinyon diferan nan nenpòt gwoup. Si w pran tan pou abòde ak rezoud konfli a pral kreye pi bon inyon gwoup epi yon espas ki pi an sante pou tout moun ki enplike yo. **Tout pwojè yo responsab pou kreye yon espas akeyan pou tout manm yo epi rezoud konfli ki vin genyen ant manm yo. Nou ankouraje patisipan pwojè yo pou yo kreye pwosesis ki transparan epi pou yo transparan sou fason konfli oswa plent yo rezoud. Pa kite konfli anpeche manm yo jwenn aksè nan tè a oswa resous ki asosye avèk jaden an.**

Farm Philly pa tolere okenn fòm arasman, abi, diskriminasyon, oswa menas vèbal oswa fizik. Pakonsekan, tanpri enfòmè kontak Farm Philly ou lè vin gen yon konfli ki rive. Li ka bay sipò oswa eklèsisman nan Pak ak Lwazi Filadèlfi, si yo itil.

Etap pou Rezolisyon Konfli

1. Idantifye konfli a: Èske se yon ka oswa yon evènman byen presi, oswa yon pwoblèm pèsistan?
2. Si sa posib, lidè sit yo ka pale avèk moun(yo) ki enplike a epi eseye jwenn yon akò respwòk.
3. Si gen nesosite pou plis konvèsasyon, lidè sit yo ka ede kreye espas pou jadinnye yo ki nan konfli a pou koute epi kominike pwoblèm lan youn bay lòt. Eseye pratike koute aktif ak kominikasyon onèt. Se kapab yon reyinyon an pèsòn oswa vityèl. Selon chak sitiyasyon, reyinyon an ka ant manm yo ki nan konfli a, ki gen ladan lidè sit yo oswa manm yo jaden an anjeneral.
4. Si konfli a pa ka rezoud avèk kominikasyon ouvè, jaden kominotè a ka bezwen anboche yon medyatè deyò. Fè Farm Philly konnen si w ap pran dispozisyon sa a, epi mande èd pou jwenn yon medyatè kominotè si sa nesèsè. Nan ka sa yo, medyasyon an pral fèt an prive ant manm yo ki nan konfli a epi ekip medyasyon an.



Atant Pwojè Agrikòl la

Nan chak etap nan kreyasyon ak antretyen yon pwojè agrikòl sou teren pak piblik, Farm Philly vle asire ke tout rezidan yo konsène yo tandè tout vwa yo. Rezidan yo dwe bay priyorite pou sansibilizasyon ak kominikasyon klè ak transparan avèk vwazen ozalantou yo, avèk etap fasil pou angaje avèk espas la, oswa patisipe nan jaden an. Lidè ak manm sit yo dwe pran angajman pou yo akeyi epi angaje toutespre tout moun nan espas la, kèlkeswa ras, gwoup etnik, orijin nasyonal, koulè po, sèks, prezantasyon jennda, oryantasyon seksyèl, laj, kapasite fizik oswa kapasite pou panse ak aprann, relijyon, oswa kwayans espirityèl.

Resous pou Rezolisyon Konfli:

Rezolisyon Konfli pou Jaden Kominotè yo:

Toronto Urban Growers

Pati 1: <https://www.youtube.com/watch?v=lujq-9Q5Gvg>

Part2: <https://www.youtube.com/watch?v=AhFWH8LW8Qk>

Part3: <https://www.youtube.com/watch?v=Soa2ZPTWZIQ>

Pwogram Rezolisyon Konfli Vil Filadèlfi

<https://www.phila.gov/programs/dispute-resolution-program/>





RESOUS PWOJÈ AGRIKÒL

Lis resous annapre a bay enfòmasyon anrapò ak sijè yo ki anba a:

- Chemen nan Tè a
- Konpòs, Mòlch, Retay Bwa
- Dlo epi Tès dlo
- Pyebwa Fwi, Pyebwa Jaden, ak Pyebwa Lari
- Espas Jaden Kouvri
- Mache Fèmnye yo
- Tès Tè ak Sekirite
- Resous Jadinaj
- Resous Defans dwa





Mizajou: 5/24/22

RESOUS PWOJÈ AGRIKÒL

Chemmen nan Tè a

- *Public Interest Law Center, Garden Justice Legal Initiative (Sant Dwa Enterè Piblik, Inisyativ Legal Jistis Jaden)* - Yon òganizasyon ki bay Repezantan dirèk pou pwodiktè ki bezwen konsèy gratis (pro bono), epi ki bay rechèch ak analiz politik kle sou agrikilti lavil, jaden, ak politik espas ouvè nan Filadèlfi yo: <https://www.pubintl.org/cases-and-projects/garden-justice-legal-initiative-gjli/>
- *Neighborhood Gardens Trust (Fidisi jaden katye yo)* Yon fidisi teren ki baze nan Philadelphia ki konsakre l nan prezève ak soutni jaden kominotè yo ak lòt espas ouvè pataje yo atravè vil la: www.ngtrust.org/
- *Philadelphia Land Bank (Bank Teren Filadèlfi)* Yon resous pou aprann sou akizasyon yon pwopriyete piblik oswa jwenn yon akò jaden lavil: <https://phdcphila.org/land/buy-land/community-gardens-and-open-space/>
- *Grounded in Philly (Ankre nan Filadèlfi)* Yon sant pou pwodiktè ki bay aksè nan done sou teren vid nan tout Filadèlfi epi ki ofri resous pou rezidan ki enterese nan kòmanse oswa prezève pwojè teren vid kominote a dirije: groundedinphilly.org/
- *Vacant Land 215 Toolkit (Bwat zouti pou Tè vid)* Yon gid pèsònèl konplè pou jadye k ap chèche antre ni oswa kreye espas kominotè sou teren vid: <https://www.pubintl.org/cases-and-projects/garden-justice-legal-initiative-releases-vacant-land-215-toolkit/>

Konpòs, Mòlch, Retay Bwa

- *Sant Resiklaj Òganik Pak Fairmount* Ofri konpòs, mòlch, ak retay bwa gratis ak abòdab: phila.gov/services/trees-parks-the-environment/get-organic-materials/

Dlo epi Tès dlo

- *Gid Depatman Dlo Filadèlfi pou Jaden ak Fèm Lavil* Yon gid pou soutni pwodiktè yo pou jwenn aksè nan resous dlo: water.phila.gov/pool/files/urban-gardeners-fact-sheet.pdf
- *Penn State Extension (Ekstansyon Penn State)* Analiz dlo a enpòtan pou fè dyagnostik pwoblèm ki ka gen rapò ak kalite dlo epi pou evalye kontni nitritif dlo a. Laboratwa Sèvis analiz agrikòl Penn State la ofri analiz dlo pou pwodiktè ki enterese yo: <https://agsci.psu.edu/aasl/water-testing>



Pyebwa Fwi, Pyebwa Jaden, ak Pyebwa Lari

- *Philadelphia OrchardProject (Pwojè vèj Filadèlfi)* Yon òganizasyon ki pa pou pwofi ki soutni gwoup ki baze nan kominote a ak volontè yo pou planifye ak plante vèje fwi ak nwa: <https://www.phillyorchards.org/>
- *TreePhilly* Yon pwogram Pak ak Lwazi Filadèlfi epi Konsèvasyon Pak Fairmount ki soutni rezidan la pou plante ak pran swen pyebwa yo, epi ogmante kouvèti pyebwa nan chak katye Filadèlfi. Pwogram lan òganize evènman gratis distribisyon pyebwa pou lakou: <https://treephilly.org/yard-trees-2/>
- *Philadelphia Parks and Recreation (Pak ak Lwazi Filadèlfi) ak Pennsylvania Horticultural Society (Sosyete Òtikilti Pennsilvani)* Yon resous sou fason pou fè plante pyebwa nan lari ak pyebwa lakou nan vil la:
 - Kijan pou fè plante yon pyebwa nan Filadèlfi.pdf

Espas Jaden Kouvri

- *Community Propagation Program (Pwogram Pwopagasyon Kominotè)* - Yon pwogram Pak ak Lwazi Filadèlfi ki bay yon espas tab pou lwe pou rezidan yo kòmanse plante semans pou sezon an nan yon sè vil la opere nan Fairmount Park Horticulture Center (Sant Òtikilti Pak Fairmount): myphillypark.org/what-we-do/programs/farm-philly/

Mache Fèmeye yo:

- *Operasyon Mache Fèmeye yo nan Filadèlfi* Yon gid Vil Filadèlfi a pou rezidan yo oswa pwopriyetè biznis ki vle enskri epi opere mache fèmeye pou vann manje dirèkteman bay kliyan yo: <https://www.phila.gov/services/permits-violations-licenses/get-a-license/business-licenses-permits-and-approvals/food-businesses/operate-a-farmers-market/>
- *The Food Trust (Fidisi manje a)* Yon òganizasyon ki pa pou pwofi ki opere yon rezo mache fèmeye nan Filadèlfi. Òganizasyon kominotè ak rezidan yo ka asosye yo avèk Food Trust pou kòmanse nouvo mache fèmeye nan katye yo: <http://thefoodtrust.org/farmers-markets>
- *Farm to City (Fèm nan Vil la)* Yon biznis lokal ki opere anpil mache fèmeye epi ki ede fèm agrikilti kominote a soutni (Community-Supported Agriculture, CSA) pou jwenn manm epi sèvi kominote ak mache lokal yo pandan tout ane a ak manje ki kiltive lokalman: <https://www.farmtocitymarkets.com/>

Tès Tè ak Sekirite

- *Penn State Extension (Ekstansyon Penn State)* Biwo ekstansyon konte Filadèlfi a ofri kit analiz tè ak rapò bay pwodikè ki vle teste tè yo: <https://extension.psu.edu/soil-testing>
- *Gid Sekirite Tè ak Jadinaj Iben nan Filadèlfi* Yon dokiman ki te pwodui pa Konsèy Konsiltatif sou Politik Sekirite Alimantè Filadèlfi pou Vil Filadèlfi a ki bay rekòmandasyon ak rechèch sou politik pou enfòmè pwodikè yo sou sante ak sekirite tè, ansanm ak yon politik sekirite tè pou Vil la: <https://www.phila.gov/documents/soil-safety-and-urban-gardening-report/>



Resous Jadinaj

- *Pwogram Jaden Kominotè, Sosyete ÒtikilPennsilvani*: Yon pwogram pou jaden kominotè ki nouvo ak sa ki deja egziste nan vil la ki ofri resous, atelye, founiti, asistans teknik, ak sipò edikatif pou pwodiktè yo: <https://phsonline.org/programs/community-gardens/services-for-community-gardens>
- *Garden Tenders (Moun k ap okipe Jaden)*, Sosyete ÒtikilPennsilvani Yon pwogram anyèl gratis pou rezidan yo aprann tout baz pou kòmanse yon jaden kominotè: <https://phsonline.org/events/garden-tenders-spring-2022>
- *Tree Tenders (Moun k ap okipe Pyebwa)*, Sosyete ÒtikilPennsilvani Yon pwogram anyèl gratis pou rezidan yo aprann baz byoloji, idantifikasyon, plantasyon ak antretyen pyebwa: <https://phsonline.org/programs/tree-programs>
- *Pwogram Master Gardeners (Mèt Jadinye)* Yon pwogram Penn State Extension ki ofri seri atelye anpwofonè sou jadinaj ak òtikilti: extension.psu.edu/programs/master-gardener
- *Philadelphia Urban Farm Network (Rezo Fèm Iben Filadèlfi)* - Yon gwoup Google kote pwodiktè Filadèlfi pataje resous, kesyon ki gen rapò ak agrikilti ak òtikilti, okazyon travay, ak plis ankò: groups.google.com/g/pufn

Resous Defans dwa

- *Philadelphia Food Policy Advisory Council (Konsèy Konsiltatif sou Politik Alimantè Filadèlfi)* Yon òganizasyon defans politik alimantè ki fòme ak manm atravè sistèm alimantè a ki konseye majistra a, ajans vil yo, ak Konsèy Vil la pou kreye yon sistèm alimantè lokal ki pi jis: <https://phillyfpac.org/>
- *Soil Generation (Jenerasyon Tè)* Yon kowalisyon pwodiktè nwa ak bren dirije nan Filadèlfi, ki kreye yon mouvman debaz nan bati relasyon, onore kilti, edikasyon kominotè, òganizasyon, aktivis, ak defans dwa: soilgeneration.org
- *Jaden Kominotè Cesar Andreúglesias* Yon jaden kominotè ki vize pou prezève jaden kominotè yo ak espas kominote a dirije yo grasa òganizasyon debaz epi pou pwopoze aktivite miltijenerasyonèl pou kominote lokal la, kreye amoni ak ekilib avèk ekosistèm lokal yo, epi klitive fwi ak legim manjab ak plant medikaman: <https://iglesiasgardens.com/>

